



Pou Piblikasyon Imedya: 31/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DISETYÈM PWOPOSIZYON NAN DISKOU ETA LETA
2020 LAN: LI AP KONBAT FLEYO APÈL WOBO YO**

***Pwopozisyon an Pral Egzije Konpayi yo Deplwaye Teknoloji pou Bloke Apèl
Wobo yo***

***Lejislasyon an Pral Bay Eta a Nouvo Zouti pou Demaske Fwodè yo Ki ap Falsifye
ak Kache Idantite avèk apèl "Mistifye" yo a***

Nouvo Penalite Finansye Siyifikatif yo pou Konpayi yo Ki Pa Konfome yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a disetyèm pwopozisyon konsènan ajanda Eta Leta 2020 li a - yon pwopozisyon global pou konbat apèl wobo san sès yo oswa apèl nwizans yo. Ansanm mezi lejislatif ki gen plizyè aspè sa a pral egzije konpayi telekominikasyon yo pou deplwaye teknoloji ki pèmèt kliyan yo bloke apèl wobo ki prezime yo. Kòm teknoloji ap amelyore pou idantifye ak mete fen nan apèl nwizans sa yo, moun ki fè apèl wobo ki ap chèche jwenn nouvo mwayen pou kontoune efò sa yo, nou pral egzije konpayi telekominikasyon yo pou aktyalize teknoloji pou blokaj yo a pou pwoteje konsomatè yo. Pwopozisyon an pral egzije tou founisè yo pou rapidman adopte gwo teknoloji disponib yo ki avèti konsomatè yo konsènan apèl wobo ak eskwokri potansyèl yo, gen ladan sila yo ki fèt apati nimewo New York yo. Pwopozisyon an ta pral ogmante penalite finansye yo kont konpayi yo ki pa konfòme yo avèk "Lwa Pa Rele (Do Not Call Law)" a.

"Nouyòkè yo peye bon lajan pou sèvis telefòn yo a men plizyè milyon apèl wobo toujou ap asele yo chak jou. Avèk mezi sa a, nou ap di konpayi telefòn yo - soti sou kote epi mete fen nan apèl aselan sa yo pou kliyan nou yo oswa nou pral rann ou responsab", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pap kite moun ki ap fè apèl wobo yo fè sa yo vle non plis, epi nou ap entèveni nan aplikasyon lawa ak nan double kontravansyon yo kont nenpòt moun ki vyole Lwa 'Pa Rele' New York la".

Nan nivo nasyonal, ekspè yo te pwojete ke an 2019 plis pase 45 pousan nan tout sikilasyon telefòn mobil ta pral apèl wobo oswa apèl eskwokri, epi yo estime ke yo ap delivre 10.4 milyon apèl wobo bay Nouyòkè *chak jou*. Fleyo apèl wobo a ki alimante ak teknoloji yo bay yon pòt an soudin pou fwodè ak telemaketè san eskripil yo pou eskwoke Nouyòkè vilnerab yo. Yo te motive moun tou pou sispann reponn lè nimewo enkonni yo ap rele, sa ki koute biznis ki ap lite pou kominike avèk kliyan yo a epi sa mennen moun inyore apèl telefonik enpòtan ki soti nan pwofesyonèl swen sante yo ak lekòl piblik yo.

Nan kad Diskou Eta Leta 2020 li a, Gouvènè Cuomo pral entwodwi yon ansanm mezi global pou kontrekare eskwo ak moun ki ap fè apèl wobo ilegal yo.

Li ap Egzije Founisè Telefòn yo Bloke Apèl Wobo yo oswa yo ap Rann yo Responsab

Konsomatè New York yo peye founisè telefòn yo lajan chak mwa pou sèvis yo a, sepandan konpayi yo pèmèt plizyè milyon apèl abizif ak twonpè pase rive jwenn konsomatè yo chak jou. Anba pwopozisyon Gouvènè a, yo pral egzije founisè telekominikasyon yo deplwaye pi bon teknoloji blokaj apèl wobo ki disponib bay konsomatè yo pa defo. Kounye a menm, kèk konpayi ofri teknoloji a si moun mande li, si toutfw sa posib. Yo pral rann responsab konpayi yo ki pa rive deplwaye pi bon efò sa yo pou mete fren nan apèl wobo yo epi yo kapab anba ankèt ak kontravansyon jiska 100,000 dola pa jou nan men Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la oswa Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta (State Division of Consumer Protection) a.

Li ap Egzije Egzekisyon Rapib Teknoloji Otantifikasyon Apèl pou Sinyale Apèl Doute yo

Anba pwopozisyon Gouvènè a, yo pral egzije chak founisè sèvis telefòn pou egzekite pwotokòl Idantite Telefoni Sekirize ki Revize/Jesyon Sekirize enfòmasyon deklare nan itilize Sinyal (Secure Telephony Identity Revisited/Secure Handling of Asserted information using toKENs, STIR/SHAKEN) la, yon pwotokòl otantifikasyon apèl yo itilize nan endistri a pi bonè posib. Endistri telekominikasyon an te devlope pwotokòl STIR/SHAKEN lan pou bay enfòmasyon anplis sou idantite moun ki fè apèl sou tout nimewo telefòn, gen ladan sila yo ki fèt apati nimewo New York yo, epi avèti konsomatè yo konsènan apèl wobo ak eskwokri potansyèl yo. Pifò founisè sèvis telefòn yo te angaje yo avan sa pou devlope teknoloji sa a men jiska jodi a anpil nan yo te reyalize ti kras alewè okenn pwogrè ditou nan egzekisyon an.

Penalite Doub Kont Moun ki ap Fè Apèl Wobo yo pou Vyolasyon Lwa "Pa Rele" a

Lwa "Pa Rele" New York la, bay Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta a otorite aplikasyon pou trake epi penalize move aktè yo ki fè apèl endezirab yo bay Nouyòkè yo ki te enskri nan Rejis Pa Rele (Do Not Call Registry) Eta a. Anplis de jiska 100,000 dola penalite pa jou a pou konpayi telefoni yo si yo pa bloke apèl wobo yo, Gouvènè a ap pwopoze double kontravansyon aktyèl yo pou kontrevenan "Lwa Pa Rele" a soti 11,000 dola pa apèl jiska 22,000 dola pa apèl.

Si ou resevwa tout bon kèlkeswa apèl ou pa vle yo, yo ap ankouraje Nouyòkè yo pou rapòte apèl la anliy nan www.donotcall.gov oswa rele nan 888-382-1222.

Pou plis enfòmasyon sou fason pou ou enskri nan Rejis Pa Rele a, oswa depoze yon plent silvoulè revize [Gid Pa Rele](#) Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)